Citation: Fallou Ngom (PI), Gana Ndiaye, Cheikh Mouhamadou S. Diop, Daivi Rodima-Taylor, and other contributors. 2022. "Ndigël: Murid Newspaper in Wolof Ajami 2." https://sites.bu.edu/nehajami/the-four-languages/wolof/wolof-manuscripts/ndigel-2/.

# Ndigël: Surnaalu Murid bu Wolofal 2

[Page 1]

[Letter 1]

Cheikh Abdoul Ahad M'Backé

Khalif Général de la Confrérie des Mourides Tuubaa Shahru Ramaḍan 1982

Touba

As-salāmu ʿalaykum wa raḥmatu l-Lāhi taʿalā.

Wa baʿd: Ni ki Sëriñ Muusaa Nduur, ak Sëriñ Maxtaar

Njaay, ak ñi ñu àndal, ñów nañu fi bisi àjjuma,

yamook juróomi fan ci weeru koor wi 1398 H,

àndi fi ab kaamil. Wax ne dañoo boole seen bopp

ngir def màggal ci guddiy ñaar fukk ak ñent

ak guddiy fanwéer ak benn ci weeru Desambar

ci at mu dikkati tuddee ko guddiy sànt Xaadimu Rasuul,

ṣalla l-Lāhu ʿalayhi wa sallama, wa ʿalayhi riḍwānul Lāhi bāqī

al-qadīm. Ñu di ma ci laaj ndigël. Ma xamal leen ni sànt Xaadimu

Rasuul war na képp ku yaakaar Xaadimu Rasuul, ci sartub

Alquraan ak Qasaa'id ak def lu baax, ak wax lu baax,

bañ caa rax leneen luy niru fo, wàlla lu neexul Yàlla. Wa salām!

Shaykh Abdul Ahad Mbàkke

[Official seal]

[Letter 2]

Tuubaa, Shahrul Rabiʿ al-Awwal 19

Cheikh Abdoul Ahad M'Backé

Khalif Général de la Confrérie des Mourides

As-salāmu ʿalaykum wa raḥmatu l-Lāhi taʿalā

Yeen waa komisoo organisaasyoo Fedarasyoo Nasyoonaal Sën Muriid,
maa ngi leen di nuyu lu bari lool, di leen sànt lu bari lool. Di leen gërëm lu
bari lool ci seeni pastéef ak seeni taxawaay yu rafet ci taalube gi.
Di leen xamal ne Sëriñ Muhammadul Basiir Jóob, Sëriñ Maxtaar Njaay, ak
Alhaaji Yaande Jóob, àndi nañu fi seen liggéey. Muy juróom ñetti junni.
Jërë ngeen jëfati! Yàlla na ngeen ko fi yàgga àndi, te yàgg nu fee fekk.
Te saasu ne, ak bis bu ne, ak weer wu ne, ak at wu ne, ngeen di ko fi
gëna mën. Yàlla na leen Yàlla sàmm. Yàlla na leen Yàlla aar. Yàlla na Yàlla barkeel
seen liggéey, bi barakati al-Shaykhi l-Khadīm, ʿalayhi riḍwānu l-Lāhi
taʿalā al-bāqī l-qadīm. Wa salaam. Shaykh Abdul Ahad Mbàkke

[Page 2]

[Letter 3]

Yéen mbokki taalube yi, mbokki jullit yi, ñu ngi
leen di xamal ni ci datub 4 ak 5 Sulyee,
fas nanoo def ca Biriksel ab Wikend
entarnasiyonaal bu Sëriñ Tuubaa, kom nanu ko
defeewoon ca Yunesko ci atum 1979.
Dina am ay fan yu nu jagleel ay ekpoosisiyoŋ.
Dana am ay waxtaankat yu jóge Senegaal ak
Marok. Lu tollu ne ton ci mataryel dana jóge
Senegaal.
Ci loolu lanuy sàkkoo ndimbal, nu mu mëna tollu ci yeen.
Moo tax ñu ngi leen di ñaan ngeen bind, laaj
karti suceeŋ yi ci addarees bii:
4, Rue De Chateau. St Quen 93400.
Pur ñi dëkk Pari, mën nañoo telefone ci nimoro bii:
2597352, Sëriñ Saar Jóob.

[Page 3, Column 1]

**Fedarasiyoo Nasyonaal de Sën Muriid**

Dekalaarasyoo bu Sëriñ Koso Mbàkke soldaarab Sëriñ Tuubaa ak Maam Seex Ibraahiima Faal, mu def ko ci guddig 31 disambar lii la fa wax: gànnaaw nuyoo ak sànt gu mu sànt waa fedarasiyoo bi ak mbooléem ñi leen jàppale ba mu yégsi fii, ak ñi leen wuysi ngirug coféel ci Sëriñ bi. Ca la wax ne Sëriñ Muhammadu Maxtaar Njaay ak mbooloo mépp, ni la ma leen waxoon rekk laay yeesal. Moo di nun soldaari Sëriñ Tuubaa lanu. Lii am fii tey ak la amoon ba wéy ak li nàmm amsi lépp, ma di leen xamal ni mënta ñàkka am. Sëriñ Tuubaa moo ko liggéeyal Yàlla bu yàgg mu nàngul ko ko. Muy woney seede ca nàngu ga; ne lii ca la bokk. Ndax ba ko tubaab ba tàllalee ab xaalis, ni ko lii mooy li nu la waroona fay ci téyé gi nu la téyé, ak tardaman yi nu la teg, Sëriñ bi sànniwaat ko ko ba mu dal ko bu baax ci xar kanamam ba; mu dóor ko ba xaañ ko ba tubaab ba def ci moom raapoor. Mu ne leen: "yadī limughnin karīmin nāfiʿin ṣamadin. Lā li l-darāhima tātī min sulayṭīni. Li l-Lāhi jalla yadī, wa l-qalbu maʿa badanī, wa sāwalī fawqa mā ʿinda sulayṭīnī." Bàkku wu mësta jib la te dootul jib mukk! Mu ni nasaraan yi yépp matuñu as mbuur sax, boole kook ay te amuñu dara-dara. Kon nak la ko Yàlla faye moom ma moom liggéey ba, lii ca la bokk te dootul dàkk ba Aljanna. Maa ngi sànt waa nguur gi ndax la ma leen ñaanoon ci wàllu ndimbël lépp defe nañ ko ni. Te ñun Sëriñ bi rekk la nu am ak taalube yi. Ku nu jàppal Sëriñ bi dimbaleel nu taalube yi, loo nekk lu mu

[Page 3, Column 2]

dana nu nekk ak yow ca loola. Ku nu leen jàppalewul ku mu mëna doon, xamunu am naam déet. Dekalaarasyoo Sëriñ Muhammadu Basiiru Jóob miy Persidaa bu Fedarasiyoo bi aki ngërëmtéem lii la fi wax: Maa ngi sànt mbooloo mépp, cànt gu amul yamuwaay mukk. Di xamle bu wér ni sunu liggéey bii na xel dal ci ne Sëriñ Tuubaa nàngu na ko. Yàlla Sunu Boroom, Subhānahū, akub yonnentam, ṣalla l-Lāhu ʿalayhī wa sallama, ànd na céeg ñoom. Firnde ci loolu mooy Sëriñ Muhammadu

Murtalaa Mbàkke moo ko ubbi; Sëriñ Muhammadu Mustafaa Basiiru Mbàkke di ko tëjsi. Mel na ni yaari Muhammadu yi, muy ma ca Màkka ak ma ca Mbàkke bég nañu. Kon sànt waratina. Kuy jëfal Sëriñ Tuubaa ba Sëriñ Tuubaa teewal fi boppam doy naa sànt Yàlla. Ñi ngi sānt ñépp ndax demoon nañu ci mbooléem kilifa yi ci biir réew mi, rawatina ñi ci boppu tariiqa yi. Kenn ku nekk ñu yégal la ko ngir ñoo bokk Lislaam bi, wara bokkit lépp lu deme ni lii. Ñépp it jàppale nañu ci bu baax-a-baax. Kon na nu sax ci gëna jubóo ak gëna sellal ak yar ak téggiin. Wa salaam. Gànnaaw kàddu yu rafet yii Sëriñ Muhammadu Muxtaar Njaay mi topp ci moom, jóg jël kàddu ga sànt mbooléem kilifa ya yépp. Wax ni gànnaaw cànt yu jéggi dayo di yu rafet yu yëkkatiku yu yelloo ci turu fedarasiyoo bi,

[Page 3, Column 3]

la Sëriñ Muxtaar fab waxtaan wa nuyoo. Daaldi wax ni: "balaa may tàmbali waxtaan wi, nu jëmale sànt mbooloo mi ak sànt kilifa yi nu demoon ci ñoom ngir xamal leen sunu liggéey bii nu ànd céeg nun, ak càntug sunu mbokki taalube yi nu jàppale yépp. Nu njëkk leena fàttali mbind ma Sëriñ Abdul Ahad Mbàkke bindoon ca loxool boppam, wax ni liggéey bi na nu ko tekk ci jàng Alxuraan ak jàng Qasaa'id ak di def lu baax, di ca wax lu baax, bañ cee rax dara luy nuru po. Nee na itam guddiy sànt Xaadimu Rasuul nak moom war na képp ku yaakaar Xaadimu Rasuul. Lii la bindoon jox nu. Kon nu dellu di ko yeesalal ñi fi daje ñépp. Ñu gëna féddaliku bu baax ak pastéef boobu. Yàlla na nu yegg nun ñépp ci pastéefam." Yaw Sëriñ Muxtaar Njaay yaak mbooloo mi, ngeen baal ma, balaa ngay jàll ci wàllu sànt mboolem kilifa yi ci turu federasiyoo bi, ñu may ma burxal fi yóbbante man Saalihu Ka. Di balu aq bu baax ci waxtaanu Sëriñ Muxtaar Njaay yi ma dog, ci wàllu mbind mi ngir jaarale nuyóo akub cànt ak wone sunug fas yéene and ak yeen ci liggéey bi. Ngir rafetlu ko nak tax na may xamle sama adarees fii, ngir ku soxla lu deme ni Qasiida yu Sëriñ Muusaa Ka way sama adrees:

[Page 4]

| | |
|---|---|
| Waxi Wolof yi yépp nak, Sëriñ Muxtaar Njaay moo ko soññe di ko tekki ciy bànd, bindlu ko Wolof ci baatub mbooloo mi. | Sëriñ Saalihu Ka, doomi Sëriñ Muusaa Ka, Xaadimul Xadiim, Tuubaa Daaru Minan, Tablo Sëriñ Abdu Sàkkóor Faal ba féete ak jumaa ja, ci Rut de Mbàkke-Bawol, mooy eksat sama buntu kër. |

[Page 4, Column 1]

Waa Fedarasyoo Nasyonaal de Sën Muriid, delegasyoo bii lañu tànn yonni leen ngir ñu waxtaane ak mboolem kilifay biir réew mi. Lu jiitu man Sëriñ Muxtaar Njaay ma ñu yabaloon ci Sëriñ Abdul Ahad Mbàkke, ma laaj ndigël la maak ñeneen ci weeru koor. Kaamilu Alxuraan lanu yóbbu, tàggu Sëriñ ba. Mu joxe ndigël la. Nu dellu tàggu mbooleem ràkkam ya juboo ca ak ñoom. Góor ak jigéen ak lu bari ci sëti Xaadimu Rasuul. Wax na ñu ne lii lu rafet la; lu rëy la; lu war la. Waaye lu jafe la. Am na ñu jógoon ba jiitu leen doon jéem lii leen taxa jóg. Waaye mujj ñu dem. Muy waxtaan wu yaatu. Waaye am nañu yaakaar ci nun bu baax, ngir ràññikug sunuy pastéef, ngir ñaari guddi ci ane 81. Waa fedarasiyoo bi ne xaabaabal nañu bu baax-a-baax seeni cànt ya. Gëna yëkkatiku, ànd ak seeni ñaan ak seeni dollikuk yaakaar ci mboolem ñi léen dimbale ci liggéeyuk ñaari guddi yii, rawatina nak kilifa yi. Kon nu njëkka sànt ki nga xam ne bu noon du am du am, bu nee na am mu am, ba moo waral lii, di Sëriñ Abdul Ahad Mbàkke, Xaliifa Seneraal de Muriid. Di sànt mbooleem ay ràkkam, rawatina Sëriñ Muhammadu Murtalaa Mbàkke mi

[Page 4, Column 2]

tijjisiwoon eksposisoo bi. Tekk ca Sëriñ Muhammadu Mustafaa Basiiru mi ko tëjsiwoon. Dolli nañu yaakaari mbooloo mi. Yàlla na mébétum Sëriñ Tuubaa ak seeni mébét ak mébétum mbooleem

taalube yi mat sëkk, ci yeen ak ci nun, dhāhiran wa bāṭinan. Āmīn bi jāhi Khadīmihī wa ʿizzati makhdūmihī, ṣalla l-Lāhu ʿalayhi wa sallam. Ñi ngi fas yéene wéy di wéy tey wéeru ci seeni xalaat. Gànnaaw ba dananu gërëm Sëriñ Koso Mbàkke, Soldaaru Sëriñ Tuubaa, ak Seex Ibraahiima Faal, li yéy ci moom ci wàllu ngërëm Sëriñ bi lañuy ñaan mu warlu léppam. Tekk ci Alhaaji Mbàkke doomi Sëriñ Abdu Xari mi fi teewaloon Sëriñ Seex Mbàkke-Bombaali, moom Sëriñ Mbàkke-Madiina, ak lu bari ci waa Daaru Xudoos. Sëriñ Abdu Sàkkóor Faal, xaliifab ki ñu tudde woon guddi ga 31, yébaloon na mbooloo mu bari ñu teewal ko. Sëriñ Seex Faal-Xadi Géy teewaloon na kër Seex Mustafaa Faal ak mbooloo, Soxna Astu Faal mum Seex Ibra Faal Njurbel, Sëriñ Saaliwu Mbàkke mum Sëriñ Ibra Ndar, Xalifa Daaru Salaam ak lu bari ci kilifa Yoonu Muriid. Demoon nañu seeti kilifa yii muy Sëriñ Abdul Aziiz Si

[Page 4, Column 3]

Xaliifa Seneraal de Tijaan, mu ànd ak nun wax nu it ne na ñu ko yégal jullit yépp ñu ànd ci liggéey bi. Rafetlu ko. Naka noonu, Siidi Yahya Kunta boole nanook Maam Aali Kunta dib sëtam. Sëriñ Mustafaa Si, Sëriñ Mansóor Si, Liibarte 5 lanu ko fekk. Mu boole nook ràkkam Sëriñ Abdu Aziiz Siñoor. Sëriñ Iisaa Caw Laay, Xaliifa Seneraal, gànnaaw jullib timis la waxtaan ak nun. Digal na ñu fa ndigël yuy rafetal àndub mbooloo mi ci waxtaan wu yaatu. Sëriñ Moor Mareema Jóob, Garan Sëriñ Ndakaaru, Sëriñ Mawdo Silla, Garan Imaam, digël na nu fa lu rafet, ka dhālika. Jàppale na nu lool-lool. Yebalsi fa kilifa yu ami taxawaay. Sëriñ Mambay Sow reparasantaa Xalif Xaadirya, reparasantaa guney Xaadir yi ci Kapweer. Ñii ñépp def nañu seeni loxo bu baax ci liggéey bi. Yal na ñu leen fay ngën ji pay ci darajay yonnent bi, ṣalaʿamu. Ba tay ci wàllu sànt kilifa yi rekk, waa fedarasyoo bi ak komisoo bi ñu yonniwoon ci kilifa yi, booloo nañu di sànt ñii may tuddsi seeni tur, cànt gu xajul ci surnaal bi, waaye xaj na ci ñu seedeel ko boroom liggéey bi. Muy

[Page 5, Column 1]

gànnaaw ay nuyóom ak jottaley gërëmam ci turu fedarasyoo bi, la wax Sëriñ Mustafaa Basiiru ne ko, waxtaanu tay wi moom moo di nu leeralal la yaw ak sunu mbokki taalube yépp, yi nu séqal liggéey bii bépp, ak ñi koy dégg ñépp. Gànnaaw am nanu tawfeexati ba am jotaayanteek jëwriñ ja di Sëriñ Muhammadu Mustafaa Basiiru Mbàkke, kon dana yéll, dana jaadu, dana war nak nu leeral bu baax sunub yëngatub fedarasyoo bi. Lan moo di jublóom ak itam lan lañu poragaraame ci biiram te nar koo doxal, ba mu ëmbaale soppali yaari guddi aada yi fi ay doxandeem yu fees déll akug réer àndiwoon fi, daan ko woote ngir dooléel moy Yàlla. Te sunu xalaat nun ñaawlu ko lool, ba tax ñu wootee ko woote bii ngir sànt dayub sànt sunu mbër mi nu àndal ak ki nu ko won. Dananu ko woote ci ay réew yu yaatu ak ay resyoo di ca woo ndaw ñi ñépp ak mag ñi ñépp. Nun ñépp nu àndandoo yeewu jaar nak jëmm ci Sëriñ Tuubaa, ndaxte leeral gi ak waxtaane gi ba mu leer dana gëna tax dëgg-dëgg Sëriñ bi nu xam li nuy def mooy lan. Bi nu demee ci Sëriñ Abdul Ahad wax ko li nu taxa jóg, Sëriñ bi bind kayit jox nu xamal nu ne na ngeen ko def ci fànn yii may bëgga tudd:

[Page 5, Column 2]

muy jàng Alxuraan ak Qasaa'id, ak def lu baax ak wax lu baax, bañ caa rax lenn luy nuru po. Bi nu ñówee it, noonee mu nu ko waxeewoon, digël nu ko lanu ko defe. Atum daaw 1980 lanu ko deful. Te dafa tasewoon ak bisub Màggal ba nu defeji ko Tuubaa. Loola moo tax defunu ko woon fii daaw. Ren jii 1981, kon nak biñ ca delloo, man mii maa ca dellu, dem mu xamal ma ne na ngeen ko def ci yar ak téggiin te góorgóorlu ci, ndax nit lépp lu mu yëngal te Sëriñ Tuubaa tax, war na caa def lépp lu mu mën. Bi nu ñówee it noonee mu nu ko waxeewoon, defe nanu ko ni, ba moo tax nu yegg ci eksposisoo bii nga xam ne daawunu ko ci def, te ren nu dolli ko ci muy *Jaar-jaari Sëriñ Tuubaa*. Loolu waral na simin bi yépp nit ñaa ngi ñów di ko seetsi waxtu wu nekk. Mbooloo yaa ngi bàyyikoo ci gox yu bari di ñów, di yéemu ci ay mbiram. Loolu yokk nanu ko ci ren. Moo waral it ba tey nu waxtaaniwaat ak Sëriñ Seex Muhammadu Murtalaa Mbàkke mum Seex Ahmadu Bamba, mu ubbisil

nu ko ñaanal nu ci. Nii ngeen def ak nun tey, mu def kook nun, waxtaanal nu, jox nu ay ndigël. Xamal nu it ne liggéey bi rafet na. Ba tey loola it moo waral ba nu demee ba di ko

[Page 5, Column 3]

wara tëjj tey jii, nu ne nak na nu la seetsi yow itam, ndaxte ku jël kat Seex Murtalaa Mbàkke muy caatum Seex Ahmadu Bamba, boo demee ba tëjj des war ngaa seet sët boo xam ni bii lépp lu jëm ci liggéeyub Yoonu Muriid ci loxoom lañu ko tekk. Mu ñów tëjjal la ko, ñaanal la ca ndax Yàlla def ci barke ba mu walangaan ba sëmbërtën ci xol yi ak ci cër yi, ak ci mbooleem lu nuy yëngatu. Looloo waral ñu jóge fii ñów Kees wax la ko. Moo jur lii tey. Kon nak diggante ñenti at yooyu nu koy màggal muy ñaari guddi yi dañ ko daa màggal, ba daaw nak Sëriñ Abdul Ahad wax ca ba muy fàttaliwaat di soññe ci Màggal gu Mag gi. Mu ni nun Muriid na nu jàpp ni bisub Sëriñ Tuubaa bi nga xam ne lépp lu mu doon wut ci Yàlla ak yonnentam bu tedd bi, nee ci boobu lañ ko jox lépp-lépp, Sëriñ Abdul Ahad wax ne bis boobu kon moo yell di sunu *Feetug Indepandaas*. Dellu wax ne nun: "jullit yépp na nu doon sàyyu màtt, te sàyyu màtt gu ca nekk ak fa mu juddoo, ak fa ñu ko fore. Waaye génn buuma leen taxa ñów ci kër gi. Kon nak na nu booloo ba mel ni sàyyu màtt woo xam ne bu ñu ko sëppee ci bépp bunt, bunt ba ubbeeku, ba ñu mën faa jariñu, jariñe fa." Loolee mu waxoon dolli na a waral liggéey bii nu bëgga koo def Fedarasyoo Nasyonaal boo xam ne dafay sàmp ay komite lokal ca gox yépp. Ngir taxawal komite yooyu nak moo tax nu jóg

[Page 6, Column 1]

dugg biir Ndakaaru gépp, inshā Allāhu. Taxawal nanu bu njëkk bi ci Dakaar Santar, Palato, Medina. Bañ fa jógee dem nanu Faas Sibraltaar, Site Poor, Kolobaan. Bañ fa bàyyikoo fu mel ni Yaraax Tefes, Aan Montaañ def nañ fa benn. Def nanu benn Kastoor, Jëppël, Derkele. Def nanu benn Wakaam, Ngor, Yoof, def nanu benn Regurupmaa Pikin. Mbooloo mu bari la dajale. Noo fa nekkal fedarasyoo bi. Taxawal nanu benn Tëngéej moo fa yor sunu seksoo. Noonii lanu fas yéenee wéye ci biir gox yépp yi nekk ci biir resyoo Kapweer. Bu dajee nu daadi jàll ci juróom ñaari resyoo yi des.

Nooni itam fas nanu def ca bitim réew ci mépp mbooloo mu ànd ak nun ci biir fedarasyoo bi, ca bitiy réew ñu sàkk fa ay kuréel yoo xam ne dafay sàmpu ci lu jubóok mbooloo ma. Nu jubóo àndàndoo weeru ci gànnaawak fedarasyoo bi. Li nu ci jublu nak moo di rekk bëgga gëna boole ñépp ñu nekk benn, bokk ndey ak baay ngir jëmmi Sëriñ Tuubaa. Fas yéenee gëna mëna liggéey seetunu sax bii tariixa mbaa bee tariixa. Diiney Lislaam képp lanu am pastéefub ñu booloo nekk benn, yéenante jàmm di ko jëflante itam, ndax liy jàmm ak ndimbal ak xéewal gëna

[Page 6, Column 2]

dolliku bu baax ci réew yi ak ci Islaam bi, rawatina sunu réewum Senegaal gii. Ba tay fedarasyoo bi xalaat na ci mbiram taxawal ay jàngukaay ci biir komite lokaal yooyule mu sàmp ngir ñu mën fa gëna dolliku ci wàllu xam-xam, di ci jàngale lu mel ni *Tazawwud al-Ṣighar* aki xéetam, lu mel ni *Mawāhib al-Quddūs* aki xéetam, lu mel ni *Masālik al-Jinān* ak *Nahju Qaḍā'il Ḥāj* ak yenéen ci fànn yu nekk ci wàllu Lislaam. Mu diy téere yu nu Sëriñ Tuubaa defaral nun waa Lislaam, rawatina nun ñi ànd ak moom ngir nu mëna raññee, ngir nu mëna sellal, ngir nu mëna jikkowoo, ngir nu mëna topp jeegoy kangami Sëriñ Tuubaa ya njëkk ya. Nuy dem di dem di dem ba nekk di ay Muriid Saadiq, nekk di gaa ya nga xam ne bu Alxuraan nee min al-nabī'īna muy yonnent ya wa l-ṣidīqīna, ñoom rekk lañu ca daadi tofal, doora woo yeneeni kuréel rekk. Kon gaa ñi, na nu fas yéene ànd ci ak doggu. La Sëriñ Abdul Ahad Mbàkke waxoon ni wuyu ci tur woo tuddul déy yombul! Kon, na nu sonn ci jikko yu nu mëna yóbbu cig Muriid Saadiq te wottu njumte la dal way sell, bu mu dal kenn maaraday taali. Ka werakaan wa doon wax ni ay dal na kuy doxug mbaloor te jóngagul bis bu dajeek ŋaamaan ba xam ni jekkagul. Muy seedey li nu taxa jóg gànnaaw ñaaxaate bi.

[Page 6, Column 3]

Fedarasyoo bi dafay sànt njiiti komite yépp, ku bokk ci ñoom daal di jàngal nit ña ag taalube, ag yarug Lislaam, ag lépp lu Yoonu Murid laaj ñu di ko fa fàggu, ba ñu gëna gis, gëna xam ki nu àndal ak li nu am lu mu. Looloo tax nu jóg def Fedarasyoo Nasyonaal tudde ko Sën Muriid. Waaye fas

nanu yéene de Muriid lay doon ndax Muriid amul xam-xam bu bari rekk wàlla bu néew, amul mag, amul ndaw, amul jigéen, amul ku néew doole wàlla ku mën. Muriid pastéef la am ak nàngoo jëf bu wér ak dégg ndigël lu mu diis-diis, bàyyig tere. Kon lu mu neex-neex, fas nanu yéenee tekk ci loolii sunu tànk bañ koo bàyyi fàww di woote jëme ci. Di la ko seedeel yaw Sëriñ Mustafaa Basiiru. Lii lan ni woon rekk nu léeralal la ko ba nga gën ko fee xam, gën ko fee yég itam. Jàppale nu ci bu baaxa baax. Te lépp lu dikkati ci liggéey, mbaa jëf ci fànn yépp yu nu mën, foo ca tolooti jox nu ca sunub cër. Nu mën la a jàppale ànd ak yaw liggéey ngir jëmmi Xaadimul Rasuul ak Seex Ibraahiima Faal, Baabul Muriidiina. Kon, noo ngi lay sànt dellu di la gërëm bu baax-a-baax ci sa teewaay bi. Fas nanu yéene lépp lu nuy defati dananu teewsi fi yaw xamal la ko, biir ak biti. Loonu ca digal nu déf ko, loonu ca tere nu bàyyi ko, ak booloo di la sànt bu baax. Jërëjëf Mbàkke! Wa salaam. Sëriñ Muxtaar Njaay.